

---

# NeighborHealth

---

## Politik Asistans Finansye: Rezime nan Langaj Klè

NeighborHealth bay tout moun swen sante menm si w pa ka peye. Si ou bezwen swen ijans oswa lòt swen medikal ki nesèsè epi ou pa kapab peye li, NeighborHealth gen pwogram ki ka ede w. Anplwaye yo pral pale avèk ou pou wè si w ka jwenn èd finansye. Yo ka ede w aplike pou Medicaid, lòt pwogram eta, plan sante, Pwogram Rediksyon sou Frè Varyab, oswa lòt rabè. Gen kèk moun ki ka pa gen pou yo peye anyen. Gen lòt moun ki ka bezwen peye sèlman yon pati nan pri a. Si ou kalifye pou èd finansye, yo p ap chaje w plis pase sa sant sante a chaje jeneralman pou menm swen an.

### *Kiyès ki Ka Jwenn Èd?*

Moun ki gen revni ki ba, moun ki gen asirans, moun ki pa gen asirans ak moun ki pa gen ase asirans kapab aplike yo tout. Ou ka jwenn èd menm si ou deja gen asirans. Kalifikasyon ou depann de kritè tankou revni fanmi ou, kantite moun ki nan fanmi ou, bezwen medikal ou yo, ansanm ak eta kote w ap viv la.

### *Kijan pou Aplike*

Enfòmasyon sou Politik Asistans Finansye a disponib an Anglè, Espanyòl, Pòtigè, Arab, ak Kreyòl Ayisyen. Pou jwenn plis enfòmasyon oswa pou jwenn èd ak aplikasyon an oswa pou jwenn enstriksyon tradui, tanpri kontakte sant lan.

- Kontakte Depatman Sèvis pou Pasyan yo nan (617) 568-4600 oswa vizite yon lokal biwo, lendi jiska vandredi, soti 8 AM rive 5 PM, nan:
  - 79 Paris Street, East Boston, MA 02128; oswa
  - 1601 Washington Street, Boston, MA 02118
- Vizite sit entènèt Sant lan pou konnen politik sou asistans finansye a nan <https://www.neighborhealth.com/en/patients-and-visitors/patient-financial-assistance-program/>
- Fè yon demann alekri pou enfòmasyon sou pwogram yo ak enstriksyon pou aplikasyon an nan lapòs bay:  
NeighborHealth  
Attention: Patient Services Department  
10 Gove Street  
East Boston, MA 02128